



Pou Piblikasyon Imedya: 08/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 50 MILYON DOLA POU INISYATIV “ROC THE RIVERWAY” A POU DEBLOKE POTANSYÈL BÒ RIVAJ DLO ROCHESTER A

Vil Rochester a ak Gwoup Kominotè Lokal yo te Idantifye Prèske 30 Pwojè pou yo redinamize ak Reyimajine Rivyè Genesee a pou l vin Tounen yon Destinasyon Bò Rivaj Dlo Vibran

Nouvo Konsèy Konsiltatif la pral Devlope Plan pou revitalize Sant Vil Rochester a atravè Investisman Sible ki soti nan Sektè Piblik ak Prive k ap fèt sou Bò Rivyè Genesee a; Gouvènè a Nonme KoPrezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la yo, ki se Anne Kress ak Bob Duffy pou yo Dirije Konsèy la

Investisman Konsiderab Eta ap fè yo ap Konpleman Inisyativ “Finger Lakes Forward” lan – ki se Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 50 milyon dola pou inisyativ “ROC The Riverway” a pou yo transfòme Rivyè Genesee a epi debloke potansyèl bò rivaj dlo Rochester a. Rivyè Genesee a te sèvi kòm yon motè ekonomik depi byen lontan, men gen anpil deseni depi yo pa itilize l ase. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, epi an patenarya ak Vil Rochester a, bò rivaj dlo a prè pou li renèt kòm yon atraksyon vibran pou komès, lwazi ak touris. Transfòmasyon sa ap ajoute sou siksè bò rivaj dlo Buffalo a demontre a epi li pral retabli Rivyè Genesee a kòm yon pyès metrès nan sant vil Rochester a.

“Sant Vil Rochester a te viv yon gran renesans nan ane ki sot pase yo, epi avèk investisman pou transfòme bò rivaj Rivyè Genesee a, nou ap ede debloke potansyèl ineksplòre rejyon sa”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Menm jan nou te fè nan pò enteryè ak eksteryè Buffalo yo, investisman nan revitalizasyon bò rivaj dlo Rochester a pral estimile sektè touris la, estimile kwasans ekonomik epi ankouraje investisman, sa k ap ede Rochester devlope ak pwospere pou anpil jenerasyon k ap vini ankò.”

Pou akselere revitalizasyon rapid bò rivaj dlo yo, eta a pral tabli yon konsèy konsiltatif ROC the Riverway a ki konpoze de aksyonè lokal yo epi KoPrezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) Finger Lakes la yo, Anne Kress ak Bob Duffy ap prezide pou angaje kominote a epi

priorize rekòmmandasyon pwojè bay Eta a. Vil Rochester ak gwoup kominote yo te idantifye prèske 30 pwojè potansyèl sou bò Rivyè Genesee a. Empire State Development pral sipòte pwojè anbisye sa a avèk jiska 50 milyon dola.

Envestisman konsiderab sa a pral rantabilize dola piblik pou yo ankouraje envestisman prive, ranfòse ekonomi an epi kreye djòb—sa k ap konplemante inisyativ “Finger Lakes Forward”, ki se estrateji devlopman ekonomik global rejyon an. Pwojè Potansyèl yo gen ladan reyimajine Charles Carroll Park Plaza a pou maksimize panorama ki bay sou rivyè a yo, respire yon nouvell vi nan Pak Genesee Gateway a, transfòme Sant Konvansyon sou Rivaj Rochester a, (Rochester Riverside Convention Center) kòm yon espas piblik premye plan, revitalize akedik Broad Street la pou sèvi kòm yon destinasyon nan sant vil la ak plis ankò. Inisyativ sa pral sipòte plan tout nouvell vèsyon Pwogram Revitalizasyon Bò Rivaj Dlo Lokal la (Local Waterfront Revitalization Program) epi yo pral devlope l an patenarya ak vil la ak aksyonè atravè Rivyè Genesee a pou yo atire milènè yo, amelyore opòtinite lwazi yo epi estimile kwasans sou bò rivaj dlo a.

An gwo, inisyativ “ROC The Riverway” a pral:

- Retabli Rivyè Genesee a kòm yon “pyès metrès” nan Sant Vil Rochester k ap kapitalize sou resous natirèl rejyon an yo;
- Rantabilize dola piblik ak prive pou ankouraje envestisman, ranfòse ekonomi an epi kreye djòb;
- Kreye pwogramasyon lwazi toupatou atravè vwa navigab la; epi
- Jenere yon espas piblik bò rivaj dlo ki gen kalib mondyal ki aksesib 24 sou 24 pandan 4 sezon yo, ak enstalasyon y ap itilize pou atire plis vizitè vin nan destinasyon sant vil la yo.

“Inisyativ ROC The Riverway a pral chanje règ jwèt la pou bò rivaj dlo Rochester a”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Antanke yon moun k ap viv sou bèl vwa navigab Rejyon Lwès New York la, mwen konnen sa se yon apwòch kòrèk - k ap angaje kominote a ak lidèchip lokal la epi konsantre sou devlopman kwasans entèlijan. Sant Vil Rochester a se on destinasyon ki pral kontinye pote touris, travay, ak revni pou zòn lan. Rejyon Finger Lakes la ap vanse vè lavan”.

KoPrezidan REDC Finger Lakes yo, Anne Kress, ki se Prezidan Inivèsite Kominotè Monroe a (Monroe Community College) ak Bob Duffy, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Rochester a (Rochester Chamber of Commerce), te di, “Atravè travay nou kòm KoPrezidan Konsèy Rejyonal la nou te vrèman wè diferans plan Finger Lakes Forward la ap fè yo. Gras a vizyon Gouvènè Cuomo, plan yo konsevwa onivo rejyonal la pral travay kounye a pou estimile devlopman ekonomik sou bò rivaj mayifik Rivyè Genesee a, ki se youn nan pi gran resous Vil Rochester a. ‘ROC The Riverway’ a pral kontinye ajoute sou transfòmasyon mayifik ki deja ankou nan nouvell Zòn Inovasyon Sant Vil Rochester, k ap ede kreye yon anvivònman enteresan kote moun, jèn tankou granmoun pral vle viv, travay ak jwe”.

Majistra Rochester a, Lovely Warren, te di, “Pwogram ROC the Riverway a pral pote envestisman sible nan nivo san presedan sou bò Rivyè Genesee a epi l ap ouvri bò rivaj nou an a nouvell posibilite ak opòtinite pou kwasans. Gras a sipò Gouvènè Cuomo,

Rochester pral deklanche pouvwa pwisan Genesee a pou kreye plis djòb, katye ki pi an sekirite ak pi vibran ak meyè opòtinite edikasyonèl pou sitwayen nou yo”.

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York la te fè investisman san presedan nan Vil Rochester a, ki se twazyèm pi gran vil New York la. Eta a te fè gran investisman pou ranfòse kominote sant vil la, ki gen ladan plis pase 100 milyon dola pwojè yo pran angajman pou fè anndan oswa ozalantou sant vil la. Angajman sa te rantabilize plis pase 800 milyon dola nan investisman prive epi yo te antrene kreyasyon nouvel Zòn Inovasyon Sant Vil Rochester a. Yon eleman kle nan transfòmasyon sant vil la pral rantabilize investisman piblik ak prive pou amelyore bò rivaj Rivyè Genesee a.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisyonè Empire State Development Ian, Howard Zensky, te deklare, “Transfòmasyon bò rivaj Rivyè Genesee Rochester a pral atire plis biznis, fanmi ak vizitè vin nan vil la epi sèvi kòm yon egzanp panoramik pou jan de investisman pou fè amenajman k ap estimile kwasans nan ekonomi rejyon Finger Lakes la ak atravè tout eta a”.

Lidè Majorite Asanble a Joe Morelle te deklare, “Pwojè enteresan ROC the Riverway a pral transfòme bò rivaj dlo nou an pandan l ap kontinye revitalize sant iben nou an epi ranfòse ekonomi nou an. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Cuomo paske l ap fè investisman nan avni Rochester epi mwen atann pou m kontinye travay ak Gouvènè a, Majistra Warren, ak tout delegasyon Rochester a nèt pou fè vanse plan alontèm sa a”.

Senatè Joe Robach te deklare, “Mwen kontan pou m sipòte efò Majistra Warren ak Konsèy Vil la ap fè yo pou yo mete aksan sou bote Rivyè Genesee a atravè inisyativ ‘ROC The Riverway’ a. Investisman 50 milyon dola sa Eta New York la ap fè a pral ede anpil nan efò pou revitalize koridò Sant Vil-Rivyè Genesee a epi li pral fè anpil amelyorasyon enpòtan nan enfrastrikti yo”.

Manm Asanble Harry Bronson te deklare, “Mwen aplodi angajman Gouvènè Cuomo pran anvè gran pwojè inisyativ pou devlope ak transfòme bò rivaj Rivyè Genesee a. Sa se yon trè bon nouvel pou Rochester. Rivyè Genesee a gen yon enpòtan istorik ak ekonomik pou rejyon nou an epi investisman nan pwojè revitalizasyon bò rivaj dlo a pral ranfòse ekonomi lokal nou an. Pwojè sa a pral tabli Rivyè Genesee a kòm yon pwon fokal pou kominote sant vil nou an epi l ap sipòte nouvel vèsyon Pwogram Revitalizasyon Bò Rivaj Dlo Lokal vil la, k ap pèmèt gouvènman ak biznis lokal yo travay ansanm pou atire plis vizitè vin nan sant vil la pandan ane a lè yo òganize yon varyete aktivite lwazi ak edikasyonèl. Pi enpòtan ankò, pwojè a pral ede ranfòse ekonomi nou an lè li kreye plis djòb epi soulaje aksè a dlo a nan toude bò rivyè a yo. ‘ROC the Riverway’ se yon opòtinite pou melanje aksesibilite ti vil ak sèvis grand vil, epi mete Rochester sou pis pou l pwospere pandan 21èm syèk la”.

Egzekitif Konte a, Cheryl Dinolfo te di, “Tèlman gen anpil aspè nan gran istwa Konte nou an ki ale soti nan ak sou rivaj Rivyè Genesee a. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman l pran anvè pwojè ROC the Riverway a, ki pral ede eksplwate potansyèl k ap bouyi nan bò rivaj rivyè nou an epi sipòte efò nou deja ap fè pou atire plis djòb, vizitè, ak investisman vin nan Konte Monroe a”.

Akselerasyon pwogram “Finger Lakes Forward”

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Eta a te investi deja plis pase 5.2 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 la pou reyalize travay preparatwa pou plan – lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative), ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la.](#)

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)